

Avi Kont Diskriminasyon

CenterWell Senior Primary Care ak filyal li yo respekte lwa dwa sivil Federal ki aplikab yo epi yo pa fè diskriminasyon, ni yo pa mete moun apa pou kesyon ras, koulè, relijyon, sèks, idantite seksyèl, sèks, oryantasyon seksyèl, laj, andikap, nasyonalite, estati militè, estati veteran, enfòmasyon jenetik, zansèt, etnisite, eta sivil, lang, eta sante oswa bezwen pou sèvis sante. CenterWell Senior Primary Care:

- Bay moun ki gen andikap yo modifikasyon rezonab, èd ak sèvis oksilyè apwopriye gratis pou yo kominike avèk nou yon fason ki efikas, tankou:
 - Entèprèt lang siy ki kalifye.
 - Enfòmasyon ki ekri nan lòt fòm (gwo ekriti, odyo, fòm elektwonik ki aksesib, lòt fòm).
- Bay sèvis asistans lang gratis pou moun anglè pa lang matènèl yo, sèvis sa yo ka gen ladan yo:
 - Entèprèt ki kalifye.
 - Enfòmasyon ki ekri nan lòt lang.

Si w bezwen modifikasyon rezonab, èd oksilyè apwopriye oswa sèvis asistans lang, kontakte **877-320-1235 (TTY: 711)**, sòti 8 a.m. pou rive 8 p.m., lè lès. Si ou panse CenterWell Senior Primary Care pa t ba w sèvis sa yo oswa ou te sibi diskriminasyon sou akòz ras, koulè, relijyon, sèks, idantite seksyèl, sèks, oryantasyon seksyèl, laj, andikap, nasyonalite, estati militè, estati veteran, enfòmasyon jenetik, zansèt, etnisite, eta sivil, lang, eta sante oswa bezwen pou sèvis sante, ou ka depoze yon doleyans an pèsòn oswa pa lapòs oswa pa imel bay Kowòdonatè Kont Diskriminasyon CenterWell Senior Primary Care a nan P.O. Box 14618, Lexington, KY 40512-4618, **877-320-1235 (TTY:711)**, oswa sou **patientaccessibility@centerwell.com**. Si w bezwen èd pou w depoze yon doleyans, Kowòdonatè Kont Diskriminasyon CenterWell Senior Primary Care a ka ede w fè sa.

Ou ka depoze yon plent tou nan Biwo Dwa Sivil ki nan Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini, elektwonikman sou Pòtay Plent Biwo Dwa Sivil la, ki disponib sou **<https://ocrportal.hhs.gov/ocr/portal/lobby.jsf>**, oswa pa lapòs oswa nan telefòn nan:

- U.S. Department of Health and Human Services, 200 Independence Avenue, S.W., Room 509F, HHH Building Washington, D.C. 20201. **800-368-1019, 800-537-7697 (TDD)**.

Avi sa disponib sou **<https://www.centerwellprimarycare.com/en/accessibility-resources.html>**.